

\BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Panalungtikan

Ieu panalungtikan lumangsung di SMP Negeri 5 Tasikmalaya nu perenahna di jalan R.E. Martadinata nomer 85. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil diajar maca pamahaman kana sajak ngagunakeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014 anu jumlahna aya 30 siswa, ngawengku 18 awéwé jeung 12 lalaki.

3.2 Desain Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 123) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nyaéta (1) *one shoot study*, (2) *pretest and posttest*, jeung (3) *static group comparison*. Dina ieu panalungtikan, desain anu digunakeun nyaéta *pretest and posttest*. Mékanisme panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Keterangan:

X = Perlakuan (ngagunakeun téhnik musikalisasi)

O₁ = *Pretest* (tés awal)

O₂ = *Posttest* (tés ahir)

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa hiji rarancang anu disusun sacara sistematis pikeun ngalakukeun hiji hal. Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngabandingkeun akibat hiji perlakuan anu tangtu ku cara ngalarapkeun perlakuan ka kelompok sarta ngabandingkeun hasilna jeung kamampuh siswa saméméh dilarapkeunna hiji perlakuan.

Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu. Ieu méthode digunakeun pikeun nguji téhnik musikalisasi jeung kamampuh siswa dina maca pamahaman kana sajak kalawan nangtukeun

unsur-unsur anu ngawangunna nyaéta unsur batin, téma, rasa, nada, suasana, amanat, sarta unsur fisik, diksi, imaji, kecap konkret, gaya basa, purwakanti, jeung wirahma.

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 161) variabel nyaéta objék panalungtikan atawa naon-naon nu jadi puseur panitén dina hiji panalungtikan. Aya dua variabel dina panalungtikan nyaéta variabel bébas (*independent variabel*) jeung variabel kauger (*dependent variabel*).

Dumasar kana babagian variabel anu ditétélakeun di luhur, Téhnik Musikalisasi dina ieu panalungtikan kaasup kana variabel bébas (variabel X) sabab mangrupa variabel anu mangaruhan kana variabel séjén (variabel Y), sedengkeun pangajaran maca sajak kaasup kana variabel kauger (variabel Y), nyaéta variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas nyaéta téhnik musikalisasi (variabel X).

3.4.2 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan diterangkeun sacara operasional istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

- 1) Téhnik Musikalisasi sajak nyaéta téhnik ngarobah karya sastra wangun sajak kana wangun lagu. Kagiatan téhnik musikalisasi dina pangajaran maca sajak bisa dilakukeun ku cara anu pangbabarina nyaéta ngaregepkeun hasil rekaman musikalisasi tina sajak-sajak anu geus dimusikalisasi pikeun diajarkeun ka siswa luyu jeung satuan pendidikanana.
- 2) Kamampuh maca pamahaman kana sajak nyaéta mangrupa kamampuh dina nangtukeun unsur-unsur anu ngawangunna nyaéta unsur batin, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat sarta unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti (*rima*), gaya basa jeung wirahma (*ritme*).

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina panalungtikan nyaéta alat bantu dina ngagunakeun métode. Instrumén panalungtikan penting pisan lantaran hasil panalungtikan téh dipangaruhan pisan ku instrumén anu digunakeun. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés.

Tés dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nyaéta pikeun ngukur kamampuh siswa maham eusi sajak dina nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak nyaéta unsur batin, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat sarta unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa jeung wirahma. Tés anu dilaksanakeun nyaéta tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*).

Wangun tésna mangrupa tés objéktif tinulis anu ngawengku tés *pilihan ganda* (PG). Ieu hal dilantarankeun sangkan panalungtik bisa objéktif dina méré peunteun. Tés objéktif jumlah soalna aya 20 kalawan padoman skala peunteun ngagunakeun katangtuan 1 = jawaban bener, 0 = jawaban salah (Susetyo, 2011, kc. 23). Kisi-kisi soal *pretest* jeung *posttest* maca pamahaman siswa kana sajak dipidangkeun ieu di handap.

Tabel 3.1

Kisi-Kisi Soal *Pretest* jeung *Posttest*

No.	Unsur Sajak	Indikator Soal	Jumlah Butir soal	Nomer Soal
1	Unsur Batin Sajak	Tema	1	1
2		Rasa	1	2
3		Nada	1	3
4		Suasana	1	4
5		Amanat	1	5
6		Eusi	1	6
7	Unsur Fisik Sajak	Diksi/Kabeungharan Kecap	6	7, 8, 9, 10, 11, 12
8		Kecap Konkret	2	13, 14
9		Imaji	2	15, 16
10		Purwakanti	2	17, 18
11		Gaya Basa	1	19
12		Wirahma	1	20
Jumlah			20	20

Salian ti tés, aya alat séjén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta alat nu mangrupa naskah sajak jeung kasét CD musikalisasi tina naskah sajak anu bakal diapresiasi ku siswa. Sajak anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sajak Chyé Rétty Isnendes kalawan judul *Nu Nyusuk Dina Sukma*. Ieu di handap dipidangkeun naskah sajakna.

Nu Nyusuk Dina Sukma

Dina badra Ambu nitipkeun caang
 Bisi Enung kapoékan
 Dina surya Ambu nitipkeun daya
 Bisi Enung kalémpohan
 Dina geni Ambu nitipkeun panas
 Bisi Enung kabulusan
 Dina angin Ambu nitipkeun hiliwir
 Bisi Enung bayeungyang
 Dina cai Ambu nitipkeun keclak
 Bisi Enung hanaang
 Dina lemah Ambu nitipkeun panceg
 Bisi Enung kalinduan
 Dina haté Ambu nitipkeun yakin
 Enung dina karahayuan

Mugya

Udan mas-Yogya, 20 Februari 2003

(Dicutat tina Isnendes, 2010a, kc. 63)

Karya musikalisasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta rekaman kasét CD grup musikalisasi sajak Tangara Bulan anu ngamusikalisasi sajak-sajak Chye Retty Isnendes, kaasup sajak *Nu Nyusuk Dina Sukma*. Éta karya musikalisasi sajak dipilih kalawan tinimbangan yén musik anu dipidangkeunana mangrupa musik pop salah sahiji *genre* musik nu dipikaresep ku siswa, pikeun nyumponan sarat instrumén anu digunakeun kaasup hadé jeung valid, panalungtik kudu ngalakukeun validasi soal tés anu rék dipaké dina panalungtikan. Ku kituna, ieu panalungtikan baris nguji instrumén saperti ieu di handap.

3.6 Nguji Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, pikeun nyumponan sarat instrumén hadé nyaéta ngagunakeun uji validitas saméméh diujicobakeun anu dilaksanakeun ku cara

analisis rasional atawa ngaliwatan *profesional judgement* nyaéta ngayakeun penilaian para ahli dina widang anu tangtu, dina ieu hal ahli sastra nurutkeun Azwar (dina Susetyo 2011, kc. 89). Hasil tina penilaian dijadikeun dasar pikeun ngaropéa butir tés anu kurang hadé sarta pikeun ngukur kamampuh luyu jeung indikator anu geus ditetepkeun. Format mikanyaho validitas eusi soal dipidangkeun dina wangun tabél.

Tabél 3.2

Format Uji Validitas Dikotomi Cocog = 1, Teu Cocog = 0

Pangajén	Butir Soal Tés																			
	1	2	3	4	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	
1																				
2																				
Jumlah Cocog																				
Jumlah Teu Cocog																				

Ngitung valid henteuna instrumén tés anu digunakeun, prosedur ngitung kacocogan validitas eusi dina ngacocogkeun butir demi butir nyaéta ku cara ngitung préséntase butir soal nu cocog kalawan indikator jeung tujuan dumasar kana penilaian ti ahli dina widangna. Butir tés disebut valid saupama kacocoganana jeung indikator nepi ka leuwih ti 50%. Rumusna ieu di handap.

$$\text{Préséntase} = \frac{f}{\Sigma f} \times 100\%$$

Keterangan:

f = frekuensi cocog numutkeun pangajén

Σf = jumlah pangajén

(Susetyo, 2011, kc. 90)

Dumasar hasil validasi soal ka ahli dina widangna dina ieu hal ahli sastra nyaéta Dr. Retty Isnendes, M.Hum jeung Dian Hendrayana S.S., M.Pd katitén yén aya sababaraha soal anu kudu diropéa boh tina kekecapan boh tina soal anu kudu diganti nyaéta soal nomer 14 nu miboga tingkat validitas 50%, sedengkeun soal nu séjénna geus valid lantaran miboga tingkat validitas 100%. Sok sanajan soal nomer 14 masih kaasup kana valid, pikeun nyampurnakeun éta soal nomer 14 téh diganti ku soal séjén tapi tetep luyu jeung indikator anu kudu dihontal.

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca pamahaman sajak anu difokuskeun kana kamampuh siswa nangtukeun unsur-unsur batin sajak nyaéta téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat sarta unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa jeung wirahma, pikeun mikanyaho eusi atawa maksud anu nyangkaruk dina sajak.

Tés dilaksanakeun dua kali nyaéta tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*). Tés awal dilakukeun saméméh dilaksanakeun pangajaran kalawan nglarapkeun téhnik musikalisasi dina pangajaran maca sajak, anu tujuanana pikeun ngukur kamampuh awal siswa, sedengkeun tés ahir dilakukeun sabada téhnik musikalisasi dilarapkeun dina pangajaran maca sajak, tujuanana pikeun ngukur kamampuh ahir siswa sabada perlakuan.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahap ieu di handap.

- 1) Siswa ngerjakeun pancén anu mangrupa *pretest* kalawan ngajawab patalékan ngeunaan unsur-unsur anu ngawangun sajak.
- 2) Sanggeus mikanyaho pangaweruh siswa kana eusi sajak ngaliwatan *pretest* anu geus dilaksanakeun, panalungtik ngagunakeun alat-alat anu ngarojong pikeun dilarapkeun dina téhnik musikalisasi, saperti nyiapkeun matéri pangajaran jeung rékaman téhnik musikalisasi.
- 3) Ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun téhnik musikalisasi kana pangajaran maca sajak.
- 4) Sanggeus ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun téhnik musikalisasi satuluyna dilaksanakeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada dibéré perlakuan (*treatment*) naha ngaronjat atawa henteu.

3.8 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina ieu panalungtikan. Data anu kacangking tina hasil *pretest* jeung

posttest tuluy diolah sangkan kapanggih bédana antara hasil *pretest* jeung hasil *posttest*. Data anu kudu dicangking nyaéta:

- 1) kamampuh maca sajak saméméh dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014;
- 2) kamampuh siswa maca sajak sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014;
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh siswa maca sajak saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014.

Hipotésis diujikeun pikeun ngajawab rumusan masalah, data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah maké sababaraha prosedur saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil *pretest* jeung *posttest* kalawan ngagunakeun téhnik mariksa tés objéktif Konci Papasangan (*Kunci Berdamping/Strip Keys*), saperti ieu di handap.

Lembar Jawaban Siswa			Konci Jawaban	
No.	Jawaban	Skor = Tanda	No.	
1.	A	✓	1.	A
2.	B	✓	2.	B
3.	C	X	3.	D
Jst.			Jst.	

(Susetyo, 2011, kc. 30)

Sangeus dipariksa, tuluy ditabulasikeun anu tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata niléy siswa, standar deviasi, jeung variansi tina masing-masing kelompok, sarta mikanyaho data kaasup kana normal jeung homogén, ngaliwatan uji normalitas jeung uji homogénitas, pikeun mikanyaho frékuensi penilaian kamampuh siswa maham eusi sajak didéskripsikeun dina wangun tabél.

- 2) Meunteun hasil tés siswa dina maca pamahaman sajak kalawan ngagunakeun padoman penskoran anu geus ditangtukeun saperti dina tabel 3.1. Jawaban siswa ditabulasikeun dina tabél 3.3.

Tabél 3.3

Format Meunteun *Pretest* jeung *Posttest* Maca Pamahaman kana Sajak

No. Urut Siswa	Nomer Soal																				Jumlah
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	
	Konci Jawaban																				
1																					
2																					
3																					
4																					
5																					
Jumlah																					

Dumasar kana padoman penskoran, skor maksimal tina jawaban siswa nyaéta 20. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir ngagunakeun rumus:

$$\text{Nilai X} = \frac{\sum \text{Skor Mental}}{\sum \text{Skor Maksimal Ideal}} \times 100$$

(Susetyo, 2011, kc. 34)

Peunteun anu dianggap mampu maca pamahaman sajak sarua jeung Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) mata pelajaran bahasa sunda di SMP Negeri 5 Tasikmalaya kelas VIII nyaéta 80.

Kategori:

Peunteun ≥ 80 siswa dianggap mampu maca pamahaman sajak

Peunteun ≤ 80 siswa dianggap can mampu maca pamahaman sajak

Padoman meunteun atawa kriteria meunteun kamampuh siswa maca pamahaman sajak kalawan nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak saperti unsur batin sajak nyaéta téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat sarta unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa jeung wirahma, pikeun mikanyaho eusi atawa maksud anu nyangkaruk dina sajak téh dipidangkeun dina wangun tabél 3.4.

3.9.1 Uji Normalitas

Uji normalitas ditujukeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat anu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus chi kuadrat (χ^2).

Saméméh ngagunakeun chi kuadrat, dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun nilai panggedéna jeung pangleutikna
- 2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus di handap.

$$r = \text{Peunteun pangluhurna} - \text{Peunteun panghandapna}$$

- 3) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

- 4) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

- 5) Nyieun tabél frekuensi peunteun tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) kalawan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabel 3.6

Format Frekuensi Peunteun *Pretest* jeung *Posttest*

No.	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

- 6) Ngitung rata-rata tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) kalawan rumus:

$$\bar{x} = \frac{\Sigma fix_i}{\Sigma fi}$$

Keterangan:

\bar{X} : rata-rata

Σ : jumlah

fi : jumlah data

xi : nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 70)

7) Néangan standar deviasi ngagunakeun rumus:

$$sd = \sqrt{\frac{N \cdot \sum fi \cdot xi^2 - (\sum fi \cdot xi)^2}{n(n-1)}}$$

8) Ngitung frekuensi observasi jeung frekuensi ekspetasi. Carana nyaéta:

a) nyieun tabél frekuensi observasi jeung frekuensi ekspetasi (perkiraan)

Tabél 3.7

Format Frekuensi Observasi Jeung Frekuensi Ekspétasi

Interval	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	L	E _i	X ²
Σ								

b) Nangtukeun O_i (frekuensi observasi)

c) Nangtukeun batas kelas interval (*bk*)

d) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{X})}{sd}$$

e) Nangtukeun Z_{tabel}

f) Nangtukeun lega kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabel terbesar}} - Z_{\text{tabel terkecil}}$$

g) Ngitung frekuensi ekspektasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

h) Nangtukeun chi kuadrat anu rumusna:

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana 2005, kc. 273)

i) Nangtukeun derajat kabebasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana 2005, kc. 293)

j) Nangtukeun harga χ^2_{tabel}

k) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kriteria ieu di handap.

Lamun $\chi^2_{\text{itung}} < \chi^2_{\text{tabel}}$ hartina distribusi data normal, tapi upama

Lamun $\chi^2_{\text{itung}} > \chi^2_{\text{tabel}}$ hartina distribusi data teu normal

Sabada dilaksanakeun uji normalitas, sarta data anu dihasilkeunana normal, hal anu kudu dilaksanakeun satuluyna nyaéta uji homogénitas varian anu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

3.9.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilaksanakeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua, pikeun nangtukeun homogén henteuna nyaéta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap.

1) Nangtukeun variansi masing-masing kelompok kalawan ngagunakeun rumus:

Variansi tés awal (*Pretest*)

$$S_1 = \frac{n \cdot \sum \text{fixi}^2 - (\sum \text{fixi})^2}{n(n-1)}$$

Variansi tés ahir (*Posttest*)

$$S_2 = \frac{n \cdot \sum fixi^2 - (\sum fixi)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

2) Ngitung harga variansi (F)

$$F = \frac{\text{Variansi anu leuwih gedé}}{\text{Variansi anu Leuwih leutik}}$$

3) Ngitung derajat kabebasan

$$dk = n - 1$$

4) Nangtukeun harga F_{tabel}

5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria

$F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$ hartina variansi sampel homogén, $S^2_b = S^2_k$ tapi, upama

$F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$ hartina distribusi data teu homogén

(Sudjana, 2005, kc. 250)

3.9.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun béda antara hasil *pretest* jeung *posttest*. Hasil tina uji gain bisa méré gambaran ngeunaan pangaruh dilarapkeunna téhnik musikalisasi dina pangajaran maca pamahaman sajak ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014.

Tabél 3.8

Uji Gain

No	<i>Pretest</i>	<i>Posttest</i>	d	d ²
1				
2				
Σ				

3.9.4 Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén data miboga distribusi anu normal, dina nguji éta data téh hipotesisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga disrtibusi anu teu normal, dina nguji éta data hipotesisna ngagunakeun statistik non-paramétris kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

1) Statistik Paramétris

Statistik parametris digunakeun saupama data miboga distribusi normal.

Léngkah-léngkah dina statistik parametris nyaéta ieu di handap.

a) Ngitung rata-rata tina béda antara peunteun tés awal jeung tés ahir, rumusna:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

b) Ngitung derajat kabebasan

$$dk = n - 1$$

c) Ngitung jumlah kuadrat deviasi

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

d) Ngitung t

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n - (n - 1)}}}$$

Keterangan:

t : tés signifikansi

Md : rata-rata tina béda hasil awal jeung ahir siswa

$\sum X^2 d$: jumlah kuadrat deviasi

n : jumlah subjék dina sampel

e) Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- Saupama $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima, yén aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi.
- Saupama $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak, yén teu aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi.

2) Statistik Non-Parametris

Statistik non-parametris digunakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data nu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*. Sudjana (2005, kc. 450) langkah-langkah uji *Wilcoxon* nyaéta:

- a) asupkeun peunteun tés awal kana kolom ka-2 (VIII A1);
- b) asupkeun peunteun tés ahir siswa kana kolom ka-3 (VIII B1);
- c) itung bédana antara tés awal jeung tés ahir ku cara VIII B1 – VIII B1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4;
- d) nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti nilai béda anu pangleutikna nepi ka panggedéna;
- e) sanggeus ditataan (misalna aya nilai nu sarua) pikeun nangtukeun jenjangna éta nilai téh dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjang;
- f) sanggeus ditataan, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5;
- g) ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6 misalna aya nilai anu béda anu négatif kana kolom ka-7;
- h) tingali kana tabel harga-harga kritis uji *Wilcoxon*, misal jumlah $n=23$ kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabel} = 73$;
- i) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabel uji *Wilcoxon* 3.9.

Tabel 3.9
Uji *Wilcoxon*

No.	XA1	XB1	Beda XA1-XB1	Tanda Jenjang		
				Jenjang	+	-

Keterangan:

IXA1 : peunteun tés awal (*Pretest*)

IXB1 : peunteun tés ahir (*Posttest*)

j) ditarima henteuna hipotésis dina uji *Wilcoxon* ngagunakeun kritéria ieu di handap.

- Saupama $W_{itung} < W_{tabel}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditarima, yén aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi.
- Saupama $W_{itung} > W_{tabel}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditolak, yén teu aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi